# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के एगो ऐलान से गोरखपुर में रोइंग स्पोटर्स सेंटर बनले के रस्ता खुल गइल हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि रामगढ़ताल के लग्गे विश्व स्तरीय रोइंग स्पोर्टस सेंटर बनावे बदे रोइंग फेडरेसन ऑफ इंडिया आरएफआई के वाटर स्पोर्टस कॉम्पलेक्स में जगह दियावल जाई। 25वीं सब जूनियर नेसनल रोइंग चैम्पियनसिप के समापन समारोह को संबोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि प्रदेस सरकार खेल नीति के तहत ओलंपिक, एसियन गेम्स, अउर कॉमनवेल्थ गेम्स में पद्क जीते वाले यूपी के खेलाड़ियन के सरकारी नोकरी देवे के सासनादेस जारी कइले हौ। अबले पांच सौ से बेसी खेलाड़ियन के सरकारी नोकरी दीहल गइल हौ। सब जूनियर नेशनल रोइंग चैम्पियनसिप मे ओवर आल चैम्पियन बनले क ट्रॉफी महाराष्ट्र जितले हौ। बालक वर्ग क चैम्पियनसिप महाराष्ट्र क टीमि अउर बालिका वर्ग क चैम्पियनसिप पंजाब क टीमि जितलसि।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता जनता दरसन कार्यक्रम में तीनि सौ लोगिन क समेस्या सुनलें। येह दौरान उहां के अधिकारियन के निरदेस दिहलीं कि लोगिन क समेस्या क समाधान तेजी से कइल जाव। मुख्यमंत्री कहलें कि एहमें कउनों तरह क लापरवाही बरदास्त नाहीं कइल जाई। मुख्यमंत्री मिले वालन के भरोसा दिहलें कि केहू के चिन्ता कइले चाहे परसान भइले क जरूरति नाहीं हौ, हर समेस्या क परभावी निपटारा सुनिस्चित कइल जाई। येह दौरान कई जने इलाज में आरिथिक मददि क गोहारि लगवलें येह पर मुख्यमंत्री अधिकारियन के जल्दी से जल्दी अस्पताल क इस्टीमेट बनावे क प्रक्रिया पूरा कइ के सासन के भेजे के कहलें। उहां के कहलीं कि इलाज बदे मुख्यमंत्री विवेकाधीन कोस से पुरहर मददि दिहल जाई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने भिन्नहीं इग्यारह बजे आकशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में आपन बिचार साझा करिहें। ई येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ पनरहवीं कड़ी होई। येह कार्यक्रम क प्रसारण आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क पर होई। मन की बात आकाशवाणी समाचार क वेबसाइट अउर न्यून ऑन एआईआर ऐपो पर मौजूद रही। दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूब चैनलो पर एकर सोझे प्रसारण कइल जाई। हिन्दी के जुरते बाद क्षेत्रीय भासा में एके प्रसारित कइल जाई।

**********

उपभोक्ता कार्य, खाद्य अउर सार्वजनिक वितरण मंत्रालय ओह निरमाता अउर खुदरा बिक्रेता लोगिन के खिलाफ देसव्यापी अभियान सुरू कइले क आदेस दिहले हौ, जे गैर अनुपालन वाला हेलमेट बेचि रहल हवें। येह बारे में सज्जो जिला मजिस्ट्रेट के निरदेस दीहल गइल हौ।

**********

प्रदेस सरकार प्रधानमंत्री उज्ज्वला योजना के लाभार्थियन के देवाली पर फ्री एलपीजी सिलेण्डर दे रहल हौ। एकर फायदा खाली ओही लाभार्थियन के मिली जेकर आधार बैंक खाता से लिंक अउर प्रमाणित होई। प्रदेस में एक करोड़ छियासी लाख उज्ज्वला लाभार्थी हवें, जेहमें से एक करोड़ आठ लाख लोगिन क आधार प्रमाणित हौ।

**********

देवाली अउर छठ पूजा पर रेलवे गोरखपुर से राजकोट–दिल्ली और यशवंतपुर के बिच्चे स्पेसल ट्रेन चलाई। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जन सम्पर्क अधिकारी बतवलें कि राजकोट से गोरखपुर के बिच्चे स्पेसल साप्ताहिक ट्रेन तीस अक्टूबर से चलावल जाई। गोरखपुर अउर दिल्ली के बिच्चे एहकर संचलन सत्ताइस अक्टूबर से कइल जाई जबकि छपरा में यशवंतपुर के बिच्चे स्पेसल ट्रेन दुइ अउर नौ नवम्बर के चलावल जाई।

**********

देवाली तिउहार पर प्रमुख बजारिनि में उमड़ि रहल भीड़ि के देखत गोरखपुर में पुलिस प्रसासन पैंतालीस जगहिनि पर अउरियो पुलिस किपेट लगावे क फैसिला कइले हौ। गोरखुपर क पुलिस अधीक्षक नगर बतवलें कि बिहने से पुलिस पिकेट लागल सुरू हो जाई, जवन छठ पूजा ले बनल रही।

**********

पीलीभीत टाइगर रिजर्व क दियोरिया, माला अउर महोफ वन रेंज में बाघन के गिनती क कार सुरू हो गइल हौ। प्रभागीय वनाधिकारी मनीष सिंह बतवलें कि बाघन क गिनती बदे चारि सौ दुइ आटोमेटिक कैमरा लगावल गइल हौ। गिनती के दौरान जंगल में प्रवेस पर पुरहर रोकि रही।

**********

इलाहाबाद उच्च न्यायालय क न्यायमूर्ति अउर महराजगंज जिला क पसासनिक न्यायमूर्ति श्री प्रकाश सिंह आजु महराजगंज जनपद न्यायालय अउर दीवानी न्यायालय फरेंदा क निरीक्षण कइलें। एह दौरान उहां के फरेंदा दीवानी न्यायालय में दुइ सालि से खाली एगो अदालत में पीठासीन अधिकारी क नया तैनाती भइले क जनकारी दिहलीं।

**********